

KESYON AK REPONS SOU KOVID-19

AVRIL, 2020 (V1.0)



PATISIPASYON
AK SIPÒ:




WWOSH
Waste Workers Occupational
Safety and Health
WHWB Committee



PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM
CIÊNCIAS E TECNOLOGIAS EM SAÚDE



PREPIDEMIA
GRUPO DE PESQUISA SOBRE ACESSO A
MEDICAMENTOS E USO RESPONSÁVEL



WWOSH
Waste Workers Occupational
Safety and Health
WHWB Committee

**COLLECTIVE INITIATIVE
PRODUCED WITH THE
PARTNERSHIP AND SUPPORT:**



IJJÈN PÈSONÈL



01



ÈSKE SE LAVE MEN SOUVAN KI PI BON
FASON POU PWOTEJE TÈT OU KONT
VIRIS KOVID-19 LA?

WI, LAVE MEN W PI SOUVAN, ESEYE PA
MANYEN JE W OSWA BOUCH OU, EPI
KITE ESPAS POU PI PITI YOUN (1) OSWA
DE (2) MÈT ANT OU MENM AK LÒT
MOUN.

02



ÈSKE DEZENFEKTE MEN W YO AVÈK
JÈL ALKÒL 70% PI BON PASE LÈ OU
ITILIZE DLO AK SAVON POU ANPECHE
VIRIS LA PWOPAJE ?

NON, MEYÈ CHWA POU PWÒPTE MEN
W SE POU W ITILIZE DLO AK SAVON.
SI OU PA GEN AKSÈ AK DLO EPI
SAVON, OU KAPAB ITILIZE « JÈL KI
GEN 70% ALKÒL » TANKOU YON
DEZENFEKTAN.

03



LAVE MEN, ÈSKE SE PREMYE
DEVWA OU DWE FÈ LÈ W RIVE
LAKAY OU?

WI, PREMYE BAGAY LA SE LAVE
MEN OU AVÈK DLO PWÒP EPI
SAVON. SE LI KI PI BON BARYÈ
POU W PWOTEJE TÈT OU.


04



**ÈSKE W TA DWE ITILIZE
MOUCHWA POU PWOTEJE FIGI W
PANDAN W AP ESTÈNEN?**

WI, LÈ W AP ESTÈNEN GEN TI BOULÈT KI SÒTI KI KAPAB KONTAMINE LÒT MOUN OSWA SIFAS YO. POU EVITE SA, SÈVI AK MOUCHWA KI FÈT AK TWAL KOTON OSWA ESTÈNEN NAN KOUD PONYÈT OU.

05



1 M .

**KISA OU DWE FÈ SI YON MOUN
LAKAY OU PREZANTE SIY
OSWA SENTÒM Kovid-19?**

WI, METE MOUN LAN NAN YON ESPAS POU KONT LI EPI BA LI TOUT AFÈ PÈSONÈL LI TANKOU : ASYÈT, KIYÈ, KOUTO, VÈ OSWA GODE), LINÈT, SÈVYÈT, ELATRIYE; PANDAN W AP TOUJOU KENBE TOUT PRENSIP IJJÈN YO.

06



**ÈSKE W KAPAB ITILIZE MENM TWALÈT
AK YON MOUN KI ENFEKTE ?**

WI, MEN OU DWE NETWAYE BÒL TWALÈT LA AK MANCH LAVABO A AK TOUT KOTE MOUN KA MANYEN AVÈK IPOKLORIT SODYÒM SA VLE DI KLOWÒKS. MELANJE LI NAN DLO (METE 50 MILIT IPOKLORIT SODYÒM NAN YON LIT DLO).

07



**ÈSKE SI W PRAN ASANSÈ, W KA
TRAPE VIRIS LA?**

WI, W KAPAB TRAPE VIRIS LA, SI SIFAS OSWA BOUTON ETAJ YO TE DEJA KONTAMINE, AK NAN LÈ A (NAN KA YON MOUN KI ENFEKTE TOUSE OSWA ESTÈNEN PANDAN W TOU PRE LI).

EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL



01



ESKE LÈ W SÈVI AK GAN, SA VLE DI
W PWOTEJE TOTALMAN POU W PA
TRAPE KOWONAVIRIS LA?

NON, GAN YO SÈLMAN ANPECHE
VIRIS LA KONTRE AK MEN OU.
SEPANDAN, SI AK GAN YO OU
TOUCHE YON SIFAS KI KONTAMINE,
EPI ANNAPRE OU MANYEN JE W
OSWA NEN W, LÈ SA A OU KAPAB
PRAN VIRIS LA.

02



ESKE SE VRE KACHNEN (MAS)
REDWI POSIBILITE POU GAYE
VIRIS LA?

WI, PASKE VIRIS LA PWOPAJE
PANDAN LAPAWÒL, LÈ W AP
TOUSE OSWA ESTÈNEN KOTE
GEN TI BOULÈT KI GEN VIRIS LA
KI GAYE EPI YO KA KONTAMINE
LÒT MOUN OSWA LÒT OBJÈ.

03



ESKE LÈ W AP METE YON
KACHNEN (MAS), NEN W DWE
RET DEYÒ?

NON, PASKE VIRIS LA KA
PASE ANNDAN NEN W POU
L ANTRE NAN KÒ W.

03

EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL

04



ÈSKE W KA FÈ PWÒP KACHNEN (MAS) PA W LAKAY OU POU PWOTEKSYON TÈT OU?

WI, MENM SI PWOTEKSYON AN FÈB ANPIL, MEN LI PI RISKE SI W PA METE ANYEN DITOU. SE SAK FÈ POU PWOTEKSYON, TOUT MOUN TA DWE METE KACHNEN (MAS).

05



ÈSKE GEN YON FASON ESPESYAL POU W RETIRE KACHNEN (MAS) AN ?

WI, OU DWE RETIRE LI SAN OU PA MANYEN PATI KI DEYÒ A. LAVE MEN OU ANVAN AK APRE OU FIN MANYEN KACHNEN AN. DEZENFEKTE OSWA NETWAYE LI APRE OU FIN ITILIZE L AK DLO EPI SAVON. RENSE LI AK DLO CHO PASKE DLO CHO A GEN GWO POUVWA POU DEZENFEKTE KACHNEN AN, APRESA LÈ L FIN SÈCH, PASE FÈ SOU LI.

06



ÈSKE W KAPAB ITILIZE YON KACHNEN PANDAN TOUT JOUNEN AN?

NON, OU DWE CHANJE KACHNEN LÈ L MOUYE OSWA LÈ L PRAN POUSYÈ.

07




ÈSKE KACHNEN (MAS) OU FÈ A DWE FÈT AK TWAL KOTON?

WI, GEN KÈK RECHÈCH KI DEMONTRE TWAL KOTON AN BON, MEN OU DWE DOUBLE KACHNEN AN AVÈK OMWEN 2 KOUCHE TWAL KOTON SA A.

PWODWI JENERAL POU NETWAYAJ

01



ÈSKE VIRIS LA KAPAB RETE VIV POU LONTAN SOU SIFAS YO?

WI, SA DEPAN SOU KI SIFAS; MEN VIRIS LA KAPAB RETE YON DANJE PANDAN KEK ÈDTAN E MENM PLIZYÈ JOU.

02



APRE W FIN NETWAYE SIFAS TANKOU MANCH PÒT OSWA KONTWA, SI W ITILIZE JÈL KI GEN 70% ALKÒL LA OSWA IPOKLORIT SODYÒM 0.1% AN, ÈSKE CHANS POU TRANSMISYON KOVID-19 AP REDWI?

WI, PREMYE BAGAY LA SE NETWAYE SIFAS YO AVÈK DLO EPI SAVON, OUBYEN SÈVI AK JÈL ALKÒL 70% OSWA YON DLO KLOWÒKS 2% KI FENK PREPARE NAN MOMAN AN. (50 MILIT KLOWOKS POU YON LIT DLO).

03

ÈSKE IPOKLORIT SODYÒM (KLOWÒKS) LAN DWE MELANJE AK DLO ANVAN OU ITILIZE L SOU SIFAS YO?

WI, MELANJ LAN POU LI GEN EFÈ YON DEZENFEKTAN DWE RIVE NAN 0.1%. PWODWI OU ACHTE A (KLOWÒKS KI SÈVI NAN KAY LA) TA DWE JENERALMAN MELANJE. NAN PEYI BREZIL, PWOPÒSYON AN DWE 1/20 (SA VLE DI 50 MILIT KLOWÒKS POU YON LIT DLO).

ATANSYON, PRAN PREKOSYON LÈ W AP PREPARE MELANJ LAN, EPI FÈ YOUN CHAK JOU. PA JANM MELANJE KLOWÒKS AK PWODWI AMONYAK OSWA LÒT PWODUI NETWAYAJ, KI KA KREYE YON VAPÈ TOKSIK (KI KA TOUYE). PASE MELANJ LAN SOU SIFAS LA EPI KITE L RETE MOUYE PANDAN OMWEN YON MINIT. FÈ ATANSYON, SI W GEN MALE' OU FLITE IPOKLORIT SODYÒM LAN, L AP TOUNEN YON DANJE EPI LI KAPAB ATAKE MANBRÀN MIKEZ YO, JE W AK APARÈY RESPIRATWA YO.



04



LÈ W SOT NAN MAKÈT OSWA NAN MACHE, ÈSKE W DWE METE PWODWI YO YON KOTE SAN W PA DEZENFEKTE YO?

NON, LI REKÒMANDE POU NETWAYE TOUT PWODWI YO AK JÈL ALKÒL 70% OSWA IPOKLORIT SODYÒM (KLOWÒKS). EPI FWI AK LEGIM YO DWE NETWAYE APA AK DLO KLOWÒKS (0,1%). JETE SAK OSWA SACHÈ YO, OSINON PA ITILIZÉ YO PANDAN 5 JOU POU ANPECHE TRANSMISYON VIRIS LA.

SI WAP KITE PWOVIZYON W YO (SILA YO KI PA BEZWEN AL NAN FRIJIDÈ) NAN YON SACHÈ POU 5 JOU, LÈ SA A, OU PA BEZWEN DEZENFEKTE CHAK ATIK.

05



ÈSKE OU BEZWEN NETWAYE SOULYE W LÈ W RIVE LAKAY OU?



WI, SOULYE KI KONTAMINE KA SÈVI KÒM YON SOUS TRANSMISYON VIRIS LA NAN ANVIWÒNMAN AN. W DWE NETWAYE YO AK DLO EPI SAVON OSWA SIYE PLA SOULYE YO SOU MOSO TWAL OSWA KAPÈT KI DEVAN KAY LA KI TRANPE NAN IPOKLORIT SODYÒM (KLOWÒKS) MELANJE AK DLO (GADE ENSTRIKSYON ANVAN YO SOU KIJAN POU W FÈ MELANJ LAN).

ITILIZASYON MEDIKAL

01



ÈSKE MOUN KI GEN MALADI
KWONIK TA DWE KONTINYE PRAN
MEDIKAMAN YO?

WI, TOUTOTAN W GEN BON KONTWÒL
MALADI KWONIK YO LI PI BON, SA AP
AMELYORE DYAGNOSTIK YO SI MOUN LAN
VIN KOVID-19.

02



SI W SANTI SIY AK SENTÒM COVID-19 YO,
ÈSKE W DWE ITILIZE NENPÒT
MEDIKAMAN?

NON, MEN NAN PEYI BREZIL, YO
REKOMANDE MOUN YO POU YO
ITILIZE PARASÉTAMÓL OSWA
DIPYWÒN POU DIMINYE
LAFYÈV LA.

03



ÈSKE W KA PRAN KLOWOKIN POU FÈ
PREVANSYON KONT KOVID-19 LA?

NON, JIS KOTE N AP PALE LA YO
TOUJOU AP ETIDYE KLOWOKIN LAN
POU YO WÈ SI LI TE KA KONBAT
KOVID-19 LA, MEN TOUJOU GEN
ANPIL DOUT SOU ITILITE LI. ANPIL
MOUN KONNEN L, MEN LI KAPAB
TOKSIK EPI LI TA DWE ITILIZE
SÈLMAN SOU KONSEY DOKTÈ.

04



ÈSKE LÈ W PRAN VITAMIN YO, SA
ANPECHE W TRAPE KOVID-19?

NON, MENM SI VITAMIN C AK D YO
JWE YON GWO WÒL NAN LAVI MOUN,
MEN YO PA KA ANPECHE W TRAPE
KOVID-19.

SWEN JENERAL

01



LÈ W AP ANPECHE NAN LARI, ÈSKE W KA RETE PRE ETRANJE SAN RISK?

NON, REKÒMANDASYON AKTYÈL LA SE KENBE 2 MÈT ANT OU MENM AK LÒT MOUN. KONSA, GEN LÒT ETID KI DEMONTRE MOUN K AP FÈ EGZÈSIS KAPAB GAYE KONTAMINASYON PI LWEN PASE 2 MÈT, SITOU SI W AP MACHE, KOURI OSWA MONTE BEKÁN DÈYÈ YON MOUN KAP TOUSE, ESTÈNEN OSWA PALE.

02



SI W AP PWOMENNEN OSWA FÈ YON TI FLANNEN DEYÒ, ÈSKE GEN RISK POU W PRAN VIRIS LA?

WI, LÈ W SOTI NAN IZOLMAN OSWA KONFINMAN AN, OU OGMANTE RISK POU W TRAPE MALADI A, EPI OU RISKE KONTAMINE LÒT MOUN KI RETE NAN MENM KAY AVÈ W. SE KONSA, SI W AP VIV NAN YON BILDING (GWO KAY KI WO EPI KI GEN PLIZYÈ ETAJ), OU KA EKSPOZE VWAZEN W AK KONTAMINASYON AN TOU.

03



ÈSKE FANM YO DWE MARE OSWA TACHE CHEVE YO?

WI, MENM SI POKO GEN OKENN ETID KI FÈT SOU PWEN SA A, MEN MARE CHEVE YO AP EVITE FANM YO MANYEN FIGI OSWA CHEVE YO TANZANTAN, SA KI DIMINYE CHANS KONTAMINASYON.

04



ÈSKE W KA TOUJOU KONTINYE BAY MOUN LANMEN, AKOLAD EPI BO?

NON, TOUT JÈS SA YO AP OGMANTE RISK POU KONTAMINE YOUN LÒT, KIDONK EVITE FÈ YO PANDAN MOMAN SA A.

05



ÈSKE LAJAN KA POTE COVID-19?

WI, LAJAN KA TRANSMÈT MALADI A, SE KONSA, APRE W FIN MANYEN LAJAN OU DWE TOUJOU LAVE MEN W.



06



ÈSKE FATRA A KA KONTAMINE AK KOWONAVIRIS LA?

WI, LI KAPAB. SA DEPAN DE KI KALITE FATRA EPI DEPI KONBYEN TAN FATRA A TE KONTAMINE. VIRIS LA KA RETE VIVAN PANDAN PLIZYÈ ÈDTAN OSWA PLIZYÈ JOU.

07



SI W SANTI KÈK SENTÒM KI GEN POU WÈ AK KOWONAVIRIS, ÈSKE W DWE AL LOPITAL?

NON, OU DWE RETE LAKAY OU. NAN PEYI BREZIL, GEN NIMEWO TELEFÒN OU KA RELE POU PALE AK YON EKSPÈ MEDIKAL KAP REPONN KESYON OU YO. ALE NAN YON LOPITAL, SÈLMAN LE YON DOKTÈ KONSEYE W SA.

08



ÈSKE BWÈ ETANÒL, METANÒL, OSWA KLOWÒKS EVITE GEN OSWA GERI KOVID-19?

NON, METANÒL, ETANÒL AK KLOWÒKS SE PWAZON YO YE. BWÈ YO KA MENNEN ANDIKAP OSWA LANMÒ. YO KONN ITILIZE YO PAFWA NAN PWODWI NETWAYAJ POU TOUYE VIRIS KI SOU SIFAS YO. SEPANDAN PA JANM MANJE OSWA BWÈ YO, PASKE YO PAP TOUYE VIRIS KI NAN KÒ W LA, OKONTRÈ YAP DOMAJE YO.

09



ÈSKE COVID 19 KA TRANSMÈT PA MOUCH?

NON, JISKA JOUNEN JODIA, PA GEN OKENN PRÈV KI MONTRÉ KE MOUCH KA PWOPAJE KOVID-19 NAN KAY LA. KOVID-19 LA PWOPAJE SITOU NAN TI BOULÈT KI SOTI LÈ YON MOUN KI ENFEKTE TOUSE, ESTÈNEN OSWA PALE. OU KA VIN ENFEKTE TOU LÈ OU MANYEN SIFAS KI KONTAMINE YO, JE W, NEN W OSWA BOUCH OU.

ENFÒMASYON POU MOUN K AP RANMASE FATRA

01



**ESKE TOUT FATRA DWE TRETE AK SWEN EPI
DILIJANS, SI LI TE YON KOTE KI GEN KOVID-19?**

WI, OU DWE TOUJOU TRAVAY BÒ KOTE W AK ANPIL SWEN. SI FATRA YO TA KONTAMINE, W DWE SÈVI EKIPMAN PWOTEKSYON PÉSONËL OU, SWIV TOUT PWOSEDI EPI APLIKE TOUT PRENSIP OU TE RESEWA NAN FÒMASYON YO, YON FASON POU W TOUJOU DIMINYE RISK EPI TRAVAY SAN DANJE EPI SAN KÈ SOTE.


02



**ÈSKE W VRÈMAN BEZWEN LAVE MEN W PANDAN
20 SEGONN POU EVITE KOVID-19?**

WI, LI ENPÒTAN ANPIL POU LAVE MEN OU SOUVAN AK DLO EPI SAVON PANDAN 20 SEGONN POU PI PITI. SAVON AK DLO A KA PA DISPONIB, LÈ SA SÈVI AK YON ALKÖL 70%, METE YON TI KANTITE EPI BYEN FWOTE MEN W YO. SONJE SA, TOUJOU LAVE MEN KI SAL.

03



**ÈSKE EVITE MANYEN JE W, NEN W AK
BOUCH OU KA ANPECHE TRANSMISYON
VIRIS LA?**

WI, MEN KI KONTAMINE YO SE PI GWO SOUS TRANSMISYON VIRIS LA.

ENFÒMASYON POU MOUN K AP RANMASE FATRA

04



ÈSKE W DWE RETE LAKAY OU, SI W TOUJOU AP TOUSE, ESTÈNEN OSWA GEN LÒT SENTÒM GRIP?

WI, RETE LAKAY OU POU OMWEN 15 JOU, EVITE KONTAK FIZIK AK LÒT MOUN, EPI METE TOUT AFÈ PÈSONÈL TANKOU SÈVYÈT, LINÈT, KOUVÈ, ELATRIYE, APA.

05



ÈSKE W ANBA PI GWO MENAS SI W TRAPE Kovid-19 LA, EPI W SE GRANMOUN AJE OSWA W GEN YON MALADI KWONIK ?

WI, NAN KA SA YO, LI PI BON POU RETE LAKAY OU EPI EVITE KONTAK FIZIK AK LÒT MOUN.


06



ÈSKE W DWE PRAN YON PREKOSYON ESPESYAL LÈ W AP RETIRE EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL OU YO (KACHNEN, GAN, BÒT, ELATRIYE)?

WI, APRE OU FIN RETIRE EKIPMAN SEKIRITE ENDIVIDYÈL OU, OU BEZWEN LAVE MEN W AVÈK DLO EPI SAVON PANDAN 20 SEGONN POU PI PITI, SI SA POSIB. METE EKIPMAN OU YO YON KOTE POU W KA DEZENFEKTE YO FASIL. PA MELANJE EKIPMAN AN AK LÒT RAD, KITE YO APA YON KOTE ESPESYAL, KOTE PÈSONN PA KA ENFEKTE.

07



ÈSKE W DWE KENBE DISTANS AK KÒLÈG OU YO NAN ESPAS TRAVAY LA, NAN TWALÈT, KAFETERYA AK LÒT ZÒN PUBLIK, NAN ENSTALASYON KOTE YO FÈ TÈS DEPISTA YO POU ANPECHE TRANSMISYON KOWONAVIRIS LA?

WI, KENBE YON DISTANS MINIMÒM 2 MÈT ANPECHE PWOPAGASYON VIRIS LA.

ENFÒMASYON POU MOUN K AP RANMASE FATRA

08



ÈSKE W DWE GEN YON SWEN ESPESYAL POU RAD TRAVAY OU?

WI, INIFÒM YO DWE CHANJE CHAK JOU (SI SA POSIB) EPI YO PA MELANJE YO AK LOD RAD LAKAY OU. YO DWE LAVE YO APA AK DLO CHO (OMWEN 60 DEGRE SÈLSIYIS) AK KLOWOKS, EPI SI SA POSIB AJOUTE DEZENFEKTAN. SOULYE YO DWE DEZENFEKTE TOU AK DLO KLOWOKS.

09



ÈSKE W DWE GEN ATANSAYON ESPESYALMAN LÈ WAP PRAN TRANSPÒ PUBLIK YO POU ANPECHE TRANSMISYON AN CORONAVIRUS?

WI, NETWAYE MEN W ANVAN OU PRAN BIS, TAKSI, KAMYONYÈT OSWA TREN; EPI EVITE MANYEN OBJÈ OSWA MOUN. LÈ OU DESANN YO TOU, DEZENFEKTE MEN W ANKÒ EPI PA MANYEN FIGI W. SI SA POSIB, TOUJOU METE YON KACHNEN (MAS) (KI FÈT AK TWAL OSWA KI KA JETE) LÈ W AP KITE LAKAY OU.


10



ÈSKE MACHIN KI RANMASE FATRA YO DWE NETWAYE POU REDWI RISK POU KONTAMINASYON?

WI, NETWAYE AK DEZENFEKTE YO (AK DEZENFEKTAN ESPRE EPI AK ALKOL OMWEN 70%), ITILIZE TOU ASPIRATÈ POU DEZENFEKTE KABIN MACHIN LAN CHAK JOU ESPESYALMAN CHÈZ YO, TOUT AREBÒ VOLAN AK PA DEYÒ KAMYON AN ; TOUT SA YO EDE ANPIL ANPIL NAN REDWI RISK KONTAMINASYON AN.

11



ÈSKE W DWE CHANJE GAN YO CHAK JOU?

WI, CHANJE GAN YO CHAK JOU YO TRÈ BON. SI LI PA POSIB, OU DWE EVITE MANYEN JE W OU, NEN W AK BOUCH OU.



KESYON AK REPOSNS SOU KOVID-19

AVRIL, 2020 (V1.0)